

# Mwen wè yon karèt



# Konsiy pou anseyan



## Entwodiksyon :

Montre timoun yo liv la, li tit la ak otè a.  
Mande timoun yo sou ki sa yo kwè liv la ap pale.



## Vokabilè :

Esplike mo enpòtan nan istwa a.

**Tòti** : Yon bèt reptil ki gen yon po di sou do li e ki ka antre tèt li ak pat li andedan po a.

**Karèt** : Yon kalite tòti ki viv nan lanmè e ki fè pitit sou tè.

**Espès an danje** : yon seri bèt ki vin ra sou latè paske yo touye yo twòp

**Nich** : kote yon bèt mete pitit li pou pwoteje yo



## Li :

Li liv la. Pou chak paj, montre timoun yo imaj la, li fraz yo, montre imaj la ankò.

# Konsiy pou anseyan



## Poze kesyon :

Ki sa ki pase nan istwa a ? Rakonte sa ki te pase.  
Pou ki ti moun yo netwaye plaj la ?  
Kòman timoun yo te santi yo lè yo wè karèt la ale ?  
Ki sa ou te renmen nan istwa?



## Ranfòse :

Ki kote karèt la te ye ? Kòman nich li fèt ? Pou ki sa yo di karèt se yon espès an danje ? Ki sa nou ta dwe fè si nou ta wè yon karèt oswa yon nich karèt ?

## Revize son ak lèt: o, ò, on

Ekri son/lèt sa yo sou tablo a.  
Montre kèk paj liv la, mande timoun yo chèche mo ki gen chak lèt.  
Fè yon lis mo ki gen son yo sa yo sou tablo a.  
Fè timoun yo li mo yo.



## Mo pa kè

**Preparasyon :** Ekri mo sa yo sou kat an bristòl dekoupe. Fè timoun yo li yo vit.

**Li, di, ki, wi, yo, yon**



Timoun yo ap desann bò yon plaj.

Tilou di: «Zando!

Gade yon tòti nan sab la!

- O wi! Se yon karèt.» Zando di.





Timoun yo chita sou mòn nan.  
Yo wè gwo gwo karèt la k ap mache.  
L ap pouse kò li ak najwa li yo.



«**OO**, apa karèt la ap antre nan lanmè a!

Ema di:

–Karèt la **sot ponn** ze nan **yon** twou.

Li viv nan **dlo** men li **ponn** nan sab.

**Zando** di.»





«M ta vle veve ze tòti a pou li, Ema di.  
– Karèt la fè yon nich byen fon nan sab la.  
Se pou nou kite yo la, Zando di.»



Ema di: «Se twou a ki pwoteje ze yo?»  
Zando di: «Wi. Pou ze yo vin tounen ti tòti,  
nou dwe kite yo kote manman yo mete yo.»





Ema di: «M ta renmen wè ti tòti yo.»

Lili di: «Ki sa nou ka fè pou  
ede yo epi wè yo?»



« Mwen pwomèt ou n ap vini sou plaj la ankò, Zando di: Petèt, nou ka wè ti tèt yo k ap kale nan 60 jou.»





Timoun yo di: « O, wi nou ta kontan wè yo.»

Zando di: « Men se yon epès an danje, nou pa ka pwache. Nou pa ka deranje yo.»





Sèl sa nou ka fè se kenbe plaj la pwòp.  
Ti tòti yo ap konn chemen lanmè.  
Sèlman fatra ta ka bare yo.  
Lili di: «Wi, nou pral kenbe plaj la pwòp.»



Timoun yo pase netwaye plaj la  
chak semenn. Yo pa pwòche nich la  
men yo ranmase tout bagay.





**Yon** jou yo wè sab la ap souke.  
Jòj di: « Gade! Jou a rive!  
Ti tòti yo ap kale! M pral fè foto yo.»





Anpil ti tòti soti nan sab la.

Yo tout kouri ale nan lanmè a.

Ema gade lanmè epi li di: « Babay ti karèt!

Mwen te kon tan rekonèt nou. »

# Anseyan yo, gade!

Nou ka enprime yon vèsyon nwa e blan liv sa a pou timoun yo. Men ki jan pou nou fè sa:

## Enpresyon

1. Telechaje PDF la ki sou sit nou an: [www.lakoukajou.ht](http://www.lakoukajou.ht)
2. Enprime PDF la sou 2 bò yon paj papye 8.5 X 11 (dimansyon lèt)
  - a. *Asire ou enprimant la fè chwa enpresyon dezyèm paj la sou bò kout paj la. Sa trè enpòtan pou paj ti liv la ka soti ann òd.*
  - b. *Si papye ou la pa 8.5” X 11”, chwazi “fit to page” pou enprimant lan, ki vle di ajiste pou papye a.*





## Pliye epi dekoupe paj la

Pou fè liv la w ap bezwen pliye paj la epi dekoupe li.

1. Mete paj la an pozisyon pou bò kout yo an wo ak an ba, epi bò long yo sou kote dwat ak goch. An fas ou ou dwe ap gade paj 1, 2, 5, 6 ti liv la.
2. Pliye fèy la nan mitan sou longè li. Kounye a ou dwe ap gade kouvèti liv la an wo epi paj 7 an ba.
3. Pliye li an 2 ankò nan mitan demi fèy long nan.
4. Vire ti liv la pou w gade kouvèti ti liv la.
5. Dekoupe rebò anba yo pou ou ka vire paj yo.
6. Kounye a ou gen yon ti liv pou elèv ou yo.

## Li epi kolorye

Timoun ou yo kapab li ti liv la epi kolorye desen yo. Ankouraje yo pou yo li ak fanmi yo lakay yo.



**Lakou Kajou**  
Pou timoun ka aprann ak kè kontan  
[lakoukajou.ht](http://lakoukajou.ht)



# Mwen wè yon karèt

## NÒT POU ANSEYAN YO

Liv sa a fèt pou paran ak pwofesè ka li pou timoun yo. Ale sou sit wèb nou an [LakouKajou.ht](http://LakouKajou.ht) pou ou jwenn yon vèsyon pi kout pou timoun yo. Ou ka enprime l pou yo ka li ak kolorye pou kont yo. Anseyan yo ap jwenn yon gid sou ki jan pou yo sèvi ak istwa Lakou Kajou yo nan klas yo sou sit wèb la.

Suiv Lakou Kajou pou timoun yo ka aprann ak kè kontan.

**Blue Butterfly**  
Inspired by Kids. Everywhere  
[butterfly.org](http://butterfly.org)

**Lakou Kajou**  
Pou timoun ka aprann ak kè kontan  
[lakoukajou.ht](http://lakoukajou.ht)

© 2022 dwa d otè Third Sector New England (TSNE). Tout dwa rezève.  
Pèmisyon pou sèvi ak travay sa a tonbe an ba règleman CC BY-NC-ND 4.0.  
Pou wè kopi règleman an, ale gade sou lyen sa a :  
<https://creativecommons.org/licenses/by-nc-nd/4.0/deed.fr>